

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan dilaksanakeun sangkan meunangkeun gambaran anu akurat ngeunaan kamampuh siswa tina hasil pangajaran nulis biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading). Tujuan tina unggal panalungtikan nya éta pikeun ngabuktikeun atawa nguji hal-hal anu ditalungtikna. Hal anu diuji téh aya dina hipotésis panalungtikan. Anu ahirna ngawujud rumusan masalah jeung tujuan panalungtikan.

Dina prosés panalungtikan, katilu poin dina rumusan masalah anu diébréhkeun dina bab I téh geus kahontal sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading). Piekun leuwih jéntréna saperti ieu di handap.

1) Hasil diajar nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung saméméh ngagunakeun média majalah dingding (mading) téh kurang nyugemakeun. ieu hal katitén tina hasil tés awal, nya éta siswa anu bisa nulis biografi téh ngan ukur 5 (25%) siswa. Sedengkeun sésana, 15 (75%) urang tina dua puluh siswa ditapsirkeun can mampuh nulis biografi. Sedengkeun hasil diajar nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung sabada ngagunakeun média majalah dingding téh ngaronjat tibatan hasil tés awal. Ieu hal katitén tina hasil tés ahir, nya éta siswa anu bisa nulis biografi téh aya 16 urang. Upama diperséntasekeun 15 (85%) siswa ngaronjat, saurang (5%) siswa *stabil*. Sedengkeun 4 (10%) siswa ditapsirkeun masih kénéh can mampuh nulis biografi.

2) Hasil nulis biografi sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading) ningkat sabab prosentase gain (d) unggal aspékna ningkat. Ieu hal dumasar kana jumlah unggal aspék antara tés awal jeung tés ahir. Aspék eusi tés ahir nya éta jumlahna 69, aspék organisasi eusi 66, aspék tatabasa nya éta 76, aspék gaya basa 71, jeung aspék éjahan nya éta 62. Ieu data téh ngabuktikeun yén aya béda anu signifikan antara hasil diajar nulis saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading); jeung

3) Dumasar kana uji hipotésis anu hasilna  $t_{itung} (5,57) > t_{tabel} (2,86)$ , hartina aya béda signifikan antara kamampuh nulis biografi siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading). Ku kituna, hipotésis alternatif dina ieu panalungtikan ditarima.

## 5.2 Rékoméndasi

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis biografi. Saran-saran éta téh dipérélekeun ieu di handap.

1) Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis biografi ngagunakeun média majalah dingding (mading) di kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung, ditétélakeun yén hasil tés awal jeung tés ahir téh aya béda anu signifikan. Ku kituna, panalungtik ngarékoméndasikeun ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun média pangajaran anu kréatif saperti majalah dingding (mading) dina medar matéri biografi hususna.

- 2) Guru-guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun média pangajaran tur métode jeung modél pangajaranana. Ieu hal pikeun ngirut minat siswa dina diajar basa Sunda.
- 3) Pikeun siswa, salaku upaya ngaronjatkeun motivasi diajar siswa nalika diajar basa Sunda antukna bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa séwang-séwangan; jeung
- 4) Ieu panalungtikan masih loba kakuranganana. Ku kituna, panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis biografi ngagunakeun média kréatif majalah dingding (mading) anu ambahana leuwih jembar.

